



Geni de Tou lè Jou

An al vole yon sèvolan!



Kisa ke ou bezwen:

- Sizo, teo, kreyon, règ
- Vwal - papye oubyen twal ki lejè. Foto egzanp lan se yon papye enprime ki 8.5"x11", men materyèl ki yon tijan pi gwo oubyen pi piti oke tou.
- Sipò - pay plastik, ti bwòchèt bwa, ti bwa ki lejè de lakou'w.
- Fil - ki di, mwen lejè, fil fen oubyen lejè, riban
- Ke - sèvyèt papye, sache plastik, papye waks, vapè

Yon nòt sou materyèl yo: Lè w'ap fè yon sèvolan li ofri anpil opòtinite pou eksplore diferan materyèl ak kijan ke yo aji nan van ak lè. Materyèl ke nou pral ba ou yo se sigjesyon e kapab ba ou enspirasyon pou kapab kreyatif sou zouti ke ou gen lakay ou.

Kisa pou fè:


1. Fè yon vwal - Vwal lan se pati prensipal kò sèvolan ki atrape van.




- Pliye yon pwès papye an de.
- Kenbe papye an pliye, fè yon pwen nan tèt papye an, apeprè 2 pous de ouvèti an (pa pliye). Trase yon liy de pwen an a pwent pa anba.
- Koupe sou liy lan. Kenbe 2 triyang ke ou fèk koupe yo!
- Depliye papye an. Kenbe papye an pou ke anba pi gwo ke anlè an. Jwenn 2 pwent yo nan fon sèvolan. Aliyen triyang lan nan chak pwent, pati ki kout la kont anba sèvolan, tepe li an plas.
- Fè vwal ou vizib nan syèl la! Dekore li ak makè, kreyon, oubyen kreyon koulè.

Kisa pou fè:

2. Bay vwal ou an sipò. Laplipa sèvolan bezwen sipò pou ede vwal la kenbe fòm li. Pou modèl vwal sa ou kapab oybyen tache sipò a dyagonal a travè mitan, nan yon fòm X, oubyen nan kote.



3. Tache yon fil - ou pa vle sèvolan vole ale! Jan ou tache fil ap depann de kijan ke ou atache sipò. Si sipò'w nan yon fòm X, ou kapab senpleman mare can simply tie liy lan nan mitan X lan. Si sipò a sou kote sèvolan, ou kapab fè sa yo rele yon brid. Mare yon fil nan de mitan tèt sipò an a mitan pye sipò an. Epi mare liy lan nan mitan fil lan.



4. Kreve e teste ke'w lan. Ke yo ede bay pwa ak stabilite a sèvolan yo. Ou kapab eksperimente ak longè ke an, kote ou plase'l nan sèvolan, oubyen nonb ke ou genyen. Ekse yon modèl ke ede sèvolan'w lan vole pi byen ke yon lòt?

